



Pou Piblikasyon Imedya: 21/05/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE SIYATI KONTRA POU 26 PWOJÈ ENÈJI RENOUVLAB TERÈS A GRAN ECHÈL

*Pwojè a pral bay plis pase 2.5 gigawat enèji pwòp ki pwodui lokalman epi jenere
plis pase 6 milya dola nan investisman prive*

*Ranfòse angajman eta a pou devlopman enèji pwòp ekitab, rezistans rezo ak
devlopman ekonomik*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo te siyen kontra pou 26 pwojè enèji renouvlab terès a gran echèl lè yo fini ki pral bay plis pase 2.5 jigawat enèji pwòp, ki sifi pou alimante plis pase 670,000 kay nan tout Eta Nouyòk. Pwojè yo sipoze kreye plis pase 1,900 djòb akoutèm pou soutni fanmi epi jenere plis pase 6 milya dola nan investisman prive pandan y ap ranfòse angajman Eta a pou devlopman enèji pwòp ki pwodui lokalman, rezistans rezo ak devlopman ekonomik.

"Nouyòk ap kreye opòtinite konpetitif pou endistri enèji pwòp la, epi nou pa t ap ka fè sa san angajman pataje patnè prive nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avansman enèji renouvlab la fè pati fondasyon plan Nouyòk la pou transfòme an yon sistèm elektrisite san emisyon epi kontinye ak momantòm ekonomi vèt nou an pou pi devan."

Kontra yo bay yo se rezilta Apèl Dòf Nòm sou Enèji Renouvlab 2024 Nivo 1 Otorite Devlopman ak Rechèch sou Enèji Eta Nouyòk (New York State Energy and Research Development Authority, NYSERDA). Yon fwa yo fin konstwi pwojè yo, yo pral pwodui apeprè 5,000 gigawat chak èdtan chak ane—ki sifi pou bay plis pase 670,000 kay kouran—yo pral bay benefis pou sante piblik gras ak rediksyon ekspozisyon ak polyan danjere nan lè a; epi yo pral bay plis pase 300 milyon dola an angajman pou [kominote defavorize yo](#), jan Gwoup Travay sou Jistis Klima a defini l la, soti nan peman alontèm rive nan fon benefis kominotè yo.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta Nouyòk la, Doreen M. Harris, te deklare, "Pandan Nouyòk ap fè tranzisyon an nan yon ekonomi enèji pwòp, nou selebre 26 pwojè sa yo ak enèji enpòtan y ap bay la. Nouyòk rete yon inovatè nan akselere pwojè enèji pwòp, fè pwomosyon travay nan domèn enèji pwòp, epi ankouraje opòtinite devlopman ekonomik pou biznis yo ak kominote lokal nou yo nan tout eta nou an."

[Pwojè ki jwenn kontra yo enkli:](#)

Rejyon Kapital

- Dolan Solar, Konte Washington
- Hawthorn Solar, Konte Rensselaer
- Somers Solar, Konte Washington
- Pwojè Solè Shepherd's Run, Konte Columbia

Nouyòk Santral

- Agricola Wind, Konte Cayuga
- Sant Enèji Solè Homer, Konte Cortland

Finger Lakes

- Highbanks Solar, Konte Livingston
- Sant Enèji Solè Horseshoe, Konte Livingston ak Monroe
- Valcour Bliss Windpark, Konte Wyoming

Mohawk Valley

- Dolgeville Hydro, Konte Herkimer
- Flat Creek Solar, Konte Montgomery
- Mill Point Solar I, Konte Montgomery
- Skyline Solar, Konte Oneida

North Country

- ELP Ticonderoga Solar, Konte Essex
- Fèm Solè Fort Covington, Konte Franklin
- Lyons Falls Mill Redevelopment, Konte Lewis
- Sant Enèji Solè Tracy, Konte Jefferson
- Fèm Solè Two Rivers, Konte St. Lawrence
- Valcour Altona Windpark, Konte Clinton
- Valcour Clinton Windpark, Konte Clinton

Southern Tier

- Van High Bridge, Konte Chenango
- Pak Ewolyen Prattsburgh, Konte Steuben
- Yellow Barn Solar, Konte Tompkins

Rejyon Lwès Nouyòk

- Sant Enèji Solè Moraine, Konte Allegany
- South Ripley Solar, Konte Chautauqua
- York Run Solar, Konte Chautauqua

Pèman yo nan kad pwojè ki gen kontra yo pral kòmanse sèlman yon fwa pwojè yo fin konstwi epi kòmanse bay enèji renouvlab nan Nouyòk apre yo fin jwenn tout pèmi ak apwobasyon ki nesèsè yo. Plizyè pwojè deja kòmanse aktivite konstriksyon yo. Tout pwojè ta dwe operasyonèl apati 2029.

Anplis de sa, Eta a pral kontinye mete aksan sou angajman avèk kominote k ap òganize pwojè yo. NYSERDA ofri resous ak asistans teknik gratis pou ede gouvènman lokal yo konprann kijan pou jere devlopman responsab enèji pwòp nan kominote yo, ki gen ladan enstriksyon etap pa etap ak zouti pou gide kowòdinasyon nouvo pwojè enèji pwòp, pwosesis pèmi, taks sou pwopriyete, sit, repatisyon teritwa, ak [plis ankò](#).

Direktè Egzekitif Jeneral Depatman Sèvis Piblik Eta Nouyòk (New York State Department of Public Service) la, Rory M. Christian, te deklare, "Nou bat bravo pou angajman Gouvènè Hochul pou fè Eta Nouyòk avanse nan direksyon yon ekonomi enèji pwòp. Pwojè yo anonse jodi a pral ankouraje kreyasyon djòb nan enèji pwòp epi ankouraje opòtinite devlopman ekonomik nan Eta Nouyòk."

Komisè Enterim Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta Nouyòk Amanda Lefton, te deklare, "Pwojè enèji renouvlab sa yo nan gran echèl demontre kijan enèji pwòp ak kreyasyon djòb ale men nan men pou konstwi kominote ki an sante ak ekonomi ki pi solid. Plis pase de douzèn pwojè anba kontra atravè NYSERDA pral jenere enèji renouvlab ak investisman prive ki ede kontinye pwogrè enpòtan k ap fèt pou diminye sous enèji polyan yo."

Komisè Depatman Travay (Department of Labor) Eta Nouyòk la, Roberta Reardon, te deklare, "Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li kenbe lidèchip eta nou an nan sektè enèji pwòp la epi paske li kontinye kreye gwo opòtinite karyè pou Nouyòkè yo nan tout eta a. Investisman sa yo ap kontinye bati yon avni ki pi efikas nan domèn enèji ak ki pi favorab pou anviwònman an pou Eta Nouyòk."

Senatè Eta a Kevin Parker te deklare, "Kòm Prezidan Komite sou Enèji ak Telekomunikasyon (Energy and Telecommunications Committee) Sena a, mwen fyè pou m travay ansanm ak NYSERDA, yon patnè enpòtan nan avanse avni enèji pwòp Nouyòk la. Lidèchip kontinyèl yo nan bay prim finansman ak pwogram inovan esansyèl pou atenn objektif Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA). Ansanm, nou pa sèlman ap ranfòse rezo elektrik eta a ak enèji renouvlab, men tou n ap asire ke kominote defavorize yo pataje benefis ekonomik ak anviwònman TAL tranzisyon sa a."

Prezidan AFL-CIO Eta Nouyòk, Mario Cilento, te deklare, "Felisitasyon a Gouvènè Hochul ak NYSERDA pou etap enpòtan sa a nan reyalizasyon objektif enèji pwòp

Nouyòk pandan y ap respekte nòm ak pwoteksyon travay solid, ak politik Buy American (Acha pwodui ki fèt Etazini). Sa ap kreye bon djòb sendika pandan y ap devlope pwogram enèji pwòp Eta a."

Gary LaBarbera, Prezidan Metye Konstriksyon Eta Nouyòk (New York State Building Trades) la, te deklare, "Pwojè enèji renouvlab yo kontinye reprezante gwo opòtinite pou Nouyòk non sèlman reyalize objektif CLCPA yo, men tou pou kreye plizyè milye karyè sendika ki soutni fanmi yo ak estimilan ekonomik ki pral revitalize kominote nou yo ak klas mwayèn nan. Egzekisyon kontra sa yo reprezante yon etap enpòtan pou rekòlte benefis inisyativ enèji pwòp sa yo. Nou remèsye Gouvènè Hochul ak NYSERDA pou angajman kontinyèl yo pou avanse devlopman enfrastrikti vèt nan Nouyòk."

Marguerite Wells, ki se Direktris Jeneral Alyans pou Enèji Pwòp Nouyòk la (Alliance for Clean Energy New York), te deklare, "Benefis enèji renouvlab ki pwodui lokalman yo imans e yo divès. Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li kontinye gide eta a nan tranzisyon enèji pwòp nou an, ki p ap sèlman benefisye Nouyòkè yo jodi a men tou jenerasyon k ap vini yo. Anons jodi a montre gen yon antouzyasm kontinyèl nan men pwomotè prive yo pou investi nan Nouyòk, epi Nouyòk rete pare pou akeyi yo."

Prezidan Nouyòk League of Conservation Voters, Julie Tighe, te deklare, "Chanjman klimatik la ap rive kounye a epi enpak yo ap vin pi mal sèlman si nou pa kite konbistib fosil yo epi reyalize objektif enèji pwòp pou lavni nou an." Anons jodi a sou nouvo pwojè enèji renouvlab sou tè a pral vle di mwens emisyon gaz ki lakòz efè sè, pi bon kalite lè, ak bon travay sendika pou Nouyòkè yo. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan anviwònman an epi nou felisite NYSERDA pou pwogrè sa a nan direksyon objektif enèji pwòp nou yo."

Direktè Jeneral Pwogram Sektè Enèji a nan Konsèy Defans Resous Natirèl (Natural Resources Defense) la, Kit Kennedy, te deklare, "Lidèchip Eta Nouyòk nan domèn enèji pwòp pi enpòtan kounye a pase anvan, lè nou konsidere efò gouvènman federal la ap fè pou bloke pwogrè a. Pwojè enèji pwòp Gouvènè Hochul te anonse jodi a vle di plis travay, plis devlopman ekonomik pou kominote yo, mwens polisyon lè ki danjere pou sante, ak pi ba pri sistèm elektrisite a. Se sa lidèchip vle di. Ann kontinye konsa!"

Direktè Egzekitif Kanpay Sitwayen pou Anviwònman (Citizens Campaign for the Environment, CCE) an, Adrienne Esposito, te deklare, "Nou kontan anpil dèske NY ap fè yon lòt gwo pa annavan nan tranzisyon eta nou an k ap kontinye nan direksyon yon avni enèji pwòp. Pandan momantòm nasyonal la nan enèji renouvlab ak aksyon pou klima a ap bite, li pi enpòtan pase anvan pou eta tankou Nouyòk mennen bak la. Lidèchip enpòtan epi nou bezwen NY kontinye sou yon chemen pou etabli yon plan enfrastrikti enèji 21è syèk ke nou ka fyè de li! Pwojè sa yo pral bay enèji pwòp ki fyab, ki pwodui lokalman, bay plizyè milyon Nouyòkè, pou ede atenn objektif anbisyè eta a an tèm enèji renouvlab, tout pandan y ap konbat chanjman klimatik, kreye djòb, ranfòse ekonomi nou an, epi amelyore sekirite enèji alontèm. CCE felisite Gouvènè Hochul ak

NYSERDA pou angajman yo nan avanse pwojè enèji renouvlab kritik ki benefisye ni anviwònman nou an ak kominote nou yo."

Direktè Politik Prensipal nan Advanced Energy United nan Nouyòk, Kristina Persaud, te deklare, "Sa a se yon etap enpòtan pou avni enèji pwòp Nouyòk la. Pwojè enèji renouvlab nan gwo echèl sa yo pral pote benefis ekonomik reyèl pou kominote yo atravè eta a. Pwojè sa yo pral non sèlman bay enèji pwòp, men tou, bon jan travay pou Nouyòkè yo. An menm tan, yo ranfòse lidèchip Nouyòk nan sektè enèji pwòp k ap grandi rapidman an, sa ki mete eta a nan bon pozisyon pou l fè konpetisyon sou yon mache mondyal epi rekòlte benefis ekonomik alontèm nan kad yon ekonomi enèji modèn."

Pwojè sa yo pral ajoute nan rezèv solid pwojè enèji renouvlab a gran echèl Nouyòk la ki gen ladan 100 pwojè solè, ewolyèn terès, pwojè idwo-elektrik ak sou litoral k ap opere oswa an devlopman kounye a ki prevwa founi plis pase 10 megawat enèji pwòp nan rezo a — ki sifi pou alimante apeprè 3.3 milyon kay nan Nouyòk. Nan prèske 100 pwojè sa yo, gen plis pase yon gigawat kapasite anba konstriksyon, ki yon fwa li fini pral ajoute nan 31 pwojè operasyonèl yo k ap bay 1.4 gigawat enèji pwòp nan rezo a – kounye a k ap bay enèji nan prèske mwaye yon milyon kay nan Nouyòk.

Ajanda Klimatik Eta Nouyòk

Ajanda klimatik Eta Nouyòk egzije yon tranzisyon ki bon mache epi ki jis vè yon ekonomi enèji pwòp ki kreye djòb ki soutni fanmi, fè pwomosyon kwasans ekonomik atravè investisman ekolojik, epi dirije yon minimòm 35 pousan nan benefis yo bay fanmi ki defavorize yo. Nouyòk ap pouse yon seri efò pou kreye yon ekonomi a zewo emisyon vè 2050, ki enkli nan sektè enèji, konstriksyon, transpò, ak dechè.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)